

Serie No. 1255

f 0.25

ARDJOENASASRA

INGKANG ANDJARWAKAKEN

R. NG. KARTAPRADJA



BALÉ POESTAKA
BATAVIA-C.

*Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet
Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600.*

BEBOEKA.

Ingang saged mastani oetawi ngraosaken manawi serat : *Ardjoenasasra* poenika saé, poenika inggih namoeng tijang ingkang saged maos serat waoe, ngretos dateng basanipoen oetawi ngretos dateng sekaripoen.

Toemrap djaman samangké tijang ingkang ngretos kados makaten waoe nama langka, saja malih ngêngeti kirang soemebaring tjarijos waoe. Mila inggih boten anggoemoenaken manawi dereng badé ambikak serat *Ardjoenasasra* poenika kênging dipoen wastani boten wonten.

Balé Poestaka ngedalaken serat *Ardjoenasasra* gantjaran, tetilaranipoen R. Ng. Kartapradja, goeroe basa Djawi ing pamোলangan tjalon goeroe ing Soerakarta djaman kina, ingkang ladjeng kaetjapaken dateng toewan C. F. Winter, poenika inggih mengkoe kadjeng kekalih :

1. njoemerepaken tijang katah dateng isinipoen serat *Ardjoenasasra* ;
2. awit saking soemerep waoe ladjeng toewoeha kepénginipoen maos seratipoen ingkang bakoe. Oegi kawedalaken Balé-Poestaka. Serie No. 889 doemoege 889e, goenggoeng regi f 2,27.

Moegi-moegi kadjengipoen Balé Poestaka ingkang kados makaten waoe angsala pambijantoenipoen para sepoeh, karsaa meméngin dateng para nénéman ingkang sampoen wantji, samangsa mrangoeli lelampahan oetawi tjetjrijosan ingkang wontenipoen ing seratipoen bakoe kaandaraken ngantos saé, mangka wontenipoen ing gantjaran namoeng katjekak, ladjeng ngandikaa makaten :

„Wah lah koewi ana ing lajangé bakoe tjritané betjik banget, mangkéné”

Sarana lampah makaten, para nénéman boten namoeng badé wewah seserepanipoen ing bab tjarijos kémawon, nanging oegi badé toewoeh derengipoen marsoedi dateng basanipoen pijambak.

Moegi kaboela
BALÉ POESTAKA.



Bagawan Wisrawa anoeroeti karsaning
poetra,

1. LELAMPAHANIPOEN BAGAWAN WISRAWA.

Serat poenika anjarijosaken lampah-lampahipoen nagari tetiga, ing Lokapala, kalih ing Ngajodya, tiga ing Maispati.

Ingang katjarijos roemijin nagari ing Lokapala, ratoenipoen adjedjoeloek Wisrawa, poenika kagoengan karsa badé magawan. Ladjeng asèlèh kaprabon doemateng poetranipoen kakoeng, awasta Danapati oetawi Wisrawana.

Katjarijos wonten ratoening danawa, adjedjoeloek praboe Soemali, angratoni nagari ing Ngalengka; poenika kagoengan poetra èstri satoenggil, anama dèwi Soekèsi, ajoenipoen anglangkoengi.

Sareng praboe Danapati waoe midanget pawartos bab éndahing warninipoen dèwi Soekèsi, ladjeng matoer doemateng ingkang rama, kaatoeran anglamaraken.

Bagawan Wisrawa anoeroeti karsaning poetra, énggal tindak doemateng nagari ing Ngalengka, kapanggih akalijan praboe Soemali, saha amratèlakaken ingkang dados preloening rawoehipoen.

Wangsoelanipoen praboe Soemali pareng abebésanan kalijan bagawan Wisrawa, ananging sadèrènging daoep, anjoewoen kawoelanga kawroeh, ingkang kénging andadosaken kawiloedjenganing sarira, saha mikantoeakaken kanoegrahan ing djaman kailangan.

Bagawan Wisrawa dangan ing karsa. Sang praboe ladjeng kawoelang kawroeh, ingkang kasoewoen waoe. Kalanipoen sami aginem raos bab ngèlmi, dèwi Soekèsi lenggah wonten ing wingkingipoen ingkang rama.

Katjarijos bañara Goeroe akalijan bañari Doerga toemedak dateng ing martjapada, andjoedjoeg nagari ing Ngalengka, ing pangénanipoen ingkang sami aginem raos waoe. Bañara Goeroe ladjeng mandjing ing goewagarbanipoen bagawan Wisrawa, bañari Doerga mandjing ing goewagarbanipoen dèwi Soekèsi. Bagawan Wisrawa sakala kapéntjoet aningali dèwi Soekèsi. Ladjeng matoer doemateng praboe Soemali, jèn pareng poetranipoen kasoewoen badé kagarwa pijambak. Praboe Soemali pareng, ingkang poetra k. tantoen, inggih njarah ing sakarsa. Anoenten bagawan Wisrawa, kañaoepaken akalijan dèwi Soekèsi.

Praboe Danapati lami angadjeng-adjeng kondoripoen ingkang rama, woesana pikantoeak pawartos, jèn dèwi Soekèsi sampoen



Praboe Danapati sampoen midanget pawartos

kagarwa doemateng ingkang rama pijambak. Sanget andadosaken doekanipoen. Ladjeng andawahaken paréntah amepak bala, badé angloeroeg doemateng ing Ngalengka, amengsah ingkang rama. Dèrèng ngantos biðal, anoenten baðara Éndra nedaki, saha amang-sit doemateng sang nata, jèn sampoen kalebet ing papestèn, dèwi Soekèsi dados djoðonipoen bagawan Wisrawa. Sang nata kapoerih anjandèkna karsanipoen badé angloeroeg waoe.

Baðara Éndra ladjeng amaringi garwa widadari kekalih doemateng praboe Danapati, awasta dèwi Nawangsih akalijan dèwi Sasmitaningsih. Sang nata soeka pirena ing galih, saha sirna doekanipoen doemateng ingkang rama.

Nagari ing Ngalengka ingkang katjarijos malih, dèwi Soekèsi ambobot. Sareng sampoen doemoegi ing mangsa, ambabar mijos kakoeng, nanging awarni danawa. Sirahipoen sadasa, tanganipoen kalihdasa, kaparingan nama Rawana.

Rawana sasampoening diwasa, atapa wonten ing redi Gohkarna, angantos lami.

Dèwi Soekèsi apepoetra malih kakoeng, inggih asipat danawa, ageng saha inggil prasasat redi anakan, kaparingan nama Koembakarna.

Bagawan Wisrawa sanget prihatosing galih, déné apepoetra kekalih sami warni danawa.

Praboe Danapati sampoen midanget pawartos, jèn ingkang rama kasekelan galih, awit apepoetra kekalih, sami awarni danawa. Sang nata ladjeng tindak doemateng ing Ngalengka karsa toewi doemateng ingkang rama.

Sasampoening rawoeh ing Ngalengka, saha kapanggih akalijan ingkang rama, sang nata ladjeng aparing pitedah doemateng ingkang raji, ingkang nama Koembakarna waoe, kapoerih anoesoela ingkang raka, saha toemoeta tapa wonten ing redi Gohkarna.

Koembakarna angéstokaken. Ladjeng késah tapa wonten ing redi Gohkarna. Praboe Danapati anoenten kondoer doemateng ing Lokapala.

Dèwi Soekèsi ambabar malih mijos èstri, inggih oegi awarni danawa, kaparingan nama Sarpakanaka.

Bagawan Wisrawa sangsaja kapetek ing prihatos, amargi poe-tranipoen tiga pisan awarni danawa. Ladjeng loembet ing sanggar

ISINIPOEN:

Katja :

1. Lelampahanipoen bagawan Wisrawa 5
 2. Nagari Lokapala kabeḍah ing praboe Dasamoeka 10
 3. Praboe Dasamoeka madosi titisipoen dèwi Widawati ... 16
 4. Praboe Dasamoeka mregoki balanipoen praboe Ardjoenasasra. Pedjahipoen patih Soewanda 23
 5. Praboe Ardjoenasasra nelokaken Dasamoeka 38
-